

**ZANMI AYISYEN E AYISYÈN YO, E TOUT LÒT MOUN ANKÒ KI EDE E BAY ORYANTASYON POU MOUN KI
GEN NON PA YO PIBLIYE NAN LIS 12 NOVANM 2015 LAN
POU YO KAPAB PRAN SO REZIDANS**

**Delè pou n pran so rezidans lan:
Sòti 13 novanm 2015 rive 12 novanm 2016**

Men kèk enfòmasyon:

- 1) Tcheke lis la pou w wè si non w pibliye. Ou kapab jwenn lis la sou plizyè sit entènèt. Men youn nan sit yo:
<http://acesso.mte.gov.br/cni/conselho-nacional-de-imigracao-cnig.htm>
www.justica.gov.br/estrangeiros/lista1 e sou sit IMDJH: www.migrante.org.br
 - 2) Si non w pibliye, prepare dokiman ou bezwen yo pou w ale anrejistre nan Polis Federal:
 1. **Requerimento** (fòmilè 154. Ou gen pou ranpli l sou sit entènèt Polis Federal la: <https://servicos.dpf.gov.br/sincretWeb/>)
 2. **De (2) bout foto 3x4**
 3. **Akdenesans oubyen Sètifika maryaj, osnon Certidão Consular.** (Atansyon: se pou Akdenesans oubyen Sètifika maryaj lan legalize nan Konsila Brezilyen ki Ayiti e se pou w fè yon tradiksyon ofisyèl dokiman sa a nan Brezil (tradução juramentada). Moun ki pa genyen dokiman sa a osnon pa vle fè l mèt prezante yon **Certidão Consular**, ki sòti Anbasad Dayiti ki nan vil Brasília. (Pi anba nou esplike kijan ou kapab genyen l).
 4. **Sètifika bònvi e mès ki sòti Brezil** = certidão negativa de antecedentes criminais emitida no Brasil. (Ou kapab rale setifika sa a sou entènèt lan, nan sit Tribunal de Justiça ou da Polícia Federal ki nan leta Brezil kote ou ye a). Nan kèk vil, yo konn egzijè plizyè kalite *Certidão*. Tcheke anvan ou ale Polis Federal la.
 5. **Deklarasyon ou pa t koupab nan yon pwosè lajistis Ayiti** - declaração de que não foi processado criminalmente no país de origem. (ou menm gen dwa fè l, kit alamen kit enprime l. Ni Polis Federal la ni Ministè Lajistis enfòmè ou pa bezwen legalize l nan *cartório*. Nou pwopozè yon modèl deklarasyon an piba.)
 6. **Resi ou peye taks yo** - Comprovante do pagamento das taxas:
 - 6.1 **Taks pou anrejistreman.** Li koute **R\$ 106,45** (sanzèz *reais* e karantsenk *centavos*). Pou enprime fèy taks la, monte sou sit www.dpf.gov.br, klike sou GRU, epi sou "Estrangeiros/Imigração". Antre kòd taks la 140082. Enprime l e ale peye nan yon bank, tankou Banco do Brasil e lòt ankò.
 - 6.2 **Taks pou yo fè kat idantite etranje** (CIE - oubyen RNE). Li koute **R\$ 204,77** (desankat *reais* e swasandisèt *centavos*). Se pou w fè menm jan avèk premye taks la, men antre yon lòt kòd: 140120. Se pou w enprime l e ale peye l tou.
- Lè ou gen tout dokiman sa yo nan men w, ale Polis Federal la pou w fè anrejistreman e demand kat rezidans lan (CIE / RNE). Ou bezwen konnen gendelè ou bezwen pran randevou nan Federal la anvan ou ale, tankou nan vil São Paulo. Nan ka sa a, se pou w pran randevou sou sit Polis Federal la aprè ou fin ranpli fòmilè 1 ki nan lis pa nou.

A) Modèl pou deklarasyon (wè nimewo 5, anwo). Ranpli l ak non e siyati pa w, nimewo paspò e non vil kote ou rete a. Anba ekri yon lòt fwa non vil la, e dat la. Pa bliye sinyen. Ou pa bezwen legalize l nan *cartório*.

Eu, de nacionalidade haitiana, passaporte nº, residente em, que ao final assino este documento, DECLARO, sob as penas da lei, que não fui processado ou condenado criminalmente no Haiti, no Brasil ou em outro País.

..... (Cidade),de de (data)

Assinatura (Não precisa reconhecer firma em Cartório)

B) Pou w genyen **Certidão Consular ki sòti Anbasad Dayiti nan vil Brasília, se pou w voye anbasad la dokiman sa yo:**

- Kopi premye paj paspò a (kote gen foto pa w). Se pou paspò a poko ekspire.
- Kopi Aktdenesans osnon Ekstredachiv.
- Resi taks ki koute 35,00 reais. Se pou ou peye l nan kont Anbasad la: Banco do Brasil, C/C 68.694-8, Agência 1606-3.
- **Men kèk konsèy Anbasad la ba nou:**
 - ✓ Ak dokiman yo, se pou w enfòmè yon jan ki klè nèt, ak lèt detache: non e siyati papa w e manman w, e adrès kote ou rete a, pou Anbasad kapab voye Certidão an. Pa bliye ekri nan adrès la nimewo CEP, sa vle di Kòd Postal lari a. Ou kapab jwenn li sou yon bil dlo oubyen bil limyè.
 - ✓ Ou pa bezwen voye kopi yon dokiman brezilyen (pwotokòl, elatriye)
 - ✓ Ou mèt fè demand lan kit nan yon lèt ou voye lapòs kit sou e-mail.
 - ✓ Si ou voye yon e-mail, ekri ladann l non e siyati papa e manman w e adrès pa w. Anekse dokiman yo ou te gen tan eskane.
 - ✓ Selon anbasad la, li pi bon pou w pap fè plizyè demand nan menm email lan. Voye yon e-mail pou chak moun, menm si yo manm yon sèl fanmi.
 - ✓ Anbasad la enfòmè demand yo ki fèt nan yon lèt voye lapòs trete pi rapid pase demand ki fèt sou e-mail

Tradução para o Créole: Pascal Peuze, do Centro Zanmi, de BH/MG

Brasília, 14 de novembro de 2015.

Ir. Rosita Milesi, mscs

rosita.imdh@gmail.com e rosita@migrante.org.br

Site: www.migrante.org.br e Facebook: institutomigracoes

Telef.: 061 81737688 e 82105085